ГКОУ РД «Бутушская СОШ»

СОГЛАСОВАНО
Заместитель директора
по УВР

Омарова Г.Д.
31.08.2023г.

УТВЕРЖДЕНО
Директор ГКОУ РД
"Бутушская СОШ"

Магомедов К.А.
31.08.2023г.

# Рабочая программа
# *по родному языку.*
# *Букварь*

## *1 «В» класс.*

**(на 2023 -24 уч. год.)**

**Абдулазимова П. С.**



# АВАР МАЦ1АЛЪУЛ
# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН
# 1 саг1ат анкьида жаниб (кинабниги 33 саг1ат)
# Т1ехь – Авар мац1 «Букварь». 1 класс. Г1аммаб лъай кьолеб школалъул ц1алул пособие. Автор Х1.С. Вакилов

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Учебно-тематический комплект:**

1 класс авар мац1 «Букварь» - Х1.С.Вакилов
1-4 классы - Х1.С.Вакилов "Авар мац1"
1 классалда 66 сагIат кьун буго, анкьида жаниб 2 саг1ат, ц1алул анкь – 33.

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, айкIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.
5. ЦIалиялдехун интерес бижизаби.
6. Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб)ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIебхасиятги цебетIезаби
7. Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.
8. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

**Метапредметиял хIасилал**

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.
2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.
7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикрузагьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къай гьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал ккеезеги, данд рекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезеги бажари.
10. Лъилниги рахъ ккечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.
11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.
12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.
2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.
3. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
4. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.
5. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда
кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.
6. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.
7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
8. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**ЦIалдохъаби ругьунлъула:**
- кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
- хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
- гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
- геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
- предложение гIуцIизе (бицун);
- предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
- схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;
- слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
- предложениялъул интонация цIунизе;
- тексталъул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текст бицине;
- хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;
- тексталъулъ цоцазда рухьарал магIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIабазда хадуб халкквезе;
- сураталдасан яги гIумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гIуцIизе, тексталъе цIар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
- предметал, предметазул гIаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъезе, гьел рагIабазе къваригIарал магIнаялъулал суалал тIаса рищизе.

**Курсалъул материал**

**Хъвай-цIали малъи**

Хъвай-цІали малъи гІуцІун буго кІиго бутІаялдасан:

1. ХІадурлъиялъул заман.

2. ХІарпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-цІализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цІали малъи ккола цадахъаб тадбир: цІализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетІезабиялъул хІалтІаби тІоритІулаго, ай гьаркьаздасан рагІи, рагІабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гІуцІизе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.** Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагІул магІнаги гьелъул гьаркьилаб гІуцІиги цоцада рухьарал рукІин бичІчІи. РагІулъ жалго жидедаго чІарал гьаркьал рихьизари. РагІулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чІезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратІа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари. Абиялъул бищунго гьитІинаб бутІа хІисабалда слог. РагІаби слогазде рихxи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагІулъ ударение тІаде кколеб бакІ бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечІелги слогал ратІа рахъи, РагІабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагІулъ гьаркьазул къадар чІезабизе, рагІул бетІералда, бакьулъ, ахиралда букІаниги, гьеб гьаракь бугеб бакІ лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.** Гьаркьал ва хІарпал ратІа рахъи: хІарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хІарпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, ё, ю, я рагьарал хІарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хІарп. Гьез тІубалеб хъулухъ. Авар алфавиталъулгун (хІарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**ЦІали.** Слогалккун цІалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагІабиккун цокІалаяб цІали. РагІаби, рагІабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичІчІун цІали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цІунун, цІали. ЗахІматал гурел гьитІинал текстал ва кучІдул бичІчІун ва пасихІго цІалиялъул бажари цебетІезаби. Живго жиндаго чІун яги мугІалимасул кумекалдалъун цІалараб текст, такрар гьабун (ай цІидасан), бицин. РагІаби, къокъал предложениял, захІматал гурел гІитІинал текстал гІедегІичІого битІун цІализе ругьун гьари. МугІалимас абун яги тІаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал ккeзе, битІунхъваялъул къагІидабиги цІунун, цІализе ругьун гьари.

**Хъвадари.** Хъвадарулаго битІун гІодор чІезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битІун ккезе лъимал ругьун гьари. КІудиял ва гьитІинал хІарпал битІун хъвазе ва гьел рагІабазулъ цолъизаризе бажари. Гигиеналъул нормабиги цІунун, хІарпал, слогал, рагІаби, предложениялхъвазе ругьун гьари. БацІцІадаб ва бичІчІулеб (ай бигьаго цІализе кІолеб) хатІалъ хъвадаризе лъай. Цин мугІалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагІаби ва предложениял, тІаде балагьун, хъвазе лъай. МугІалимас абурал рагІухъе хъвалел рагІаби ва гьединал рагІабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тІаде балагьун битІун хъваялъул тартиб ва къагІидаби лъай. ХІарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гІаламатаз (ай рагІабазда гьоркьоб хутІараб чІобогояб бакІалъ, рагІаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тІубалеб хъулухъ бичІчІи.

**РагІи ва предложение.** РагІи анализ гьабиялъул материал ва цІех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичІчІи. РагІул лексикияб магІнаялда хадуб халкквей.РагІи гьаркьаздасан гІуцІун букІунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагІул бугеб кІвар лъай. Предметал, предметазул гІаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагІаби каламалъулъ битІун хІалтІизаризе бажари. РагІаби ва предложениял ратІарахъизе бажари. Предложениялъулъ рагІаби ратІа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цІунизе лъай.

**БИТ1УНХЪВАЙ** ТІоцебесеб классалда гьал хадусел битІунхъваялъул къагІидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- рагІаби ратІатІун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал хІарпаздалъун рихьизари;
- хасал цІаразул бетІералда ва предложениялъул авалалда кІудияб хІарп хъай;
- рагІаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

**Калам цебетІезаби.** Тексталъул хІакъалъулъ авалияб бичІчІи. Тексталъулъ предложениял ратІа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГІенеккун рагІараб ва жинцаго цІалараб текст бичІчІи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хІакъалъулъ авалияб бичІчІи лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам магІна бугел бутІабазде бихxи. Предложенияздасан бухьараб текст гІуцІи. Жиндир гІумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хІаязул хІакъалъулъ, сюжетияб

сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БицанкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

## Авар мацIалъул курс

## I класс

**РагIи. Предложение. Текст.** Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб. Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. МагIнаялъул рахъалъ данде кколелрагIаби цоцазда рухьин. Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар.

**РагIабазул бетIералда кIудияб хIарп.Гьаркьал ва хIарпал.** Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Рагьарал варагьукъал гьаркьал рихьизарулел хIарпал. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [гь], [гъ], [гI], [кь], [къ], [кI], [лъ], [тI], [хь], [хъ], [хI[, [цI], [чI]. Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI. Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: гв, кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чIв, цв, цIв.

**РагIи ва слог**. Слогалккун рагIаби цIияб мухъиде роси.

**Каламалъул бутIаби**. Щив? щий? щиб? щал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметал рихьизарулел рагIаби ккей. Кинав? кинай? кинаб? кинал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметазул гIаламатал рихьизарулел рагIаби ккей. Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметалъул иш бихьизабулел рагIаби ккей

### Учебно-тематикияб план (Хъваялъул дарсал)

| № | Главаялъул ц1ар | **Саг1тал** |
|---|---|---|
| 1 | **Букварияб заман.** | **23** |
| | *ХIадурлъиялъул заман* | *5* |
| | *ХIарпал малъулеб заман* | *18* |
| 2 | **Каламалъул бут1абазул х1акъалъулъ баян.** | **10** |
| | **Кинабниги** | **33** |

| Авар мац1алъул календарно-тематикияб план 1 класс<br>( анкьида жаниб 1 саг1ат, кинабниги – 33 саг1ат) | | | |
|---|---|---|---|
| *№* | *Дарсил тема* | **Саг1ат** | **Къо-моц1** |
| | **Букварияб заман** | **23** | |
| | **ХIадурлъиялъул заман (5 с )** | | |
| *1* | ***Берцинхъваялъул т1оцебесеб тетрадь х1алт1улаб мухъ.***<br>*Т1ехь гь.3-5 Б / хъ гь.1* | *1* | |
| *2* | ***Хоноккараб гургинлъи бащадаб элемент хъвай.***<br>*Т1ехь гь.6 Б / хъ гь.2* | *1* | |
| *3* | ***Халатал ва къокъал гьет1арал х1уччал.***<br>*Т1ехь гь.7-9 Б / хъ гь.3* | *1* | |
| *4* | ***Халатал ва къокъал гьет1арал х1уччал.***<br>*Т1ехь гь.10-11 Б / хъ гь.4* | *1* | |
| *5* | ***Гъоркьан ва т1асан к1ич1арал гьет1арал х1уччал.***<br>*Т1ехь гь.12-13 Б / хъ гь.5* | *1* | |
| | **ХIарпал малъулеб заман ( 18 с )** | | |
| *6* | ***ГьитIинаб ва кIудияб а, А, о, О и, И х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.18-19 Б / хъ гь.8-9* | *1* | |
| *7* | ***ГьитIинаб ва кIудияб у, У е, Е х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.22-24 Б / хъ гь.9-10* | *1* | |
| *8* | ***ГьитIинаб ва кIудияб н, Н м, М х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.27-28 Б / хъ гь.12-14* | *1* | |
| *9* | ***ГьитIинаб ва кIудияб л, Л Б, б х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.32-33 Б / хъ гь.17* | *1* | |
| *10* | ***ГьитIинаб ва кIудияб г, Г р, Р х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.36-37 Б / хъ гь.19-20* | *1* | |
| *11* | ***ГьитIинаб ва кIудияб с, С т, Т х, Х, х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.40-42 Б / хъ гь.23-25* | *1* | |
| *12* | ***ГьитIинаб ва кIудияб з, З э, Э Й, й, х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.48-49 Б / хъ гь.30* | *1* | |
| *13* | ***ГьитIинаб ва кIудияб ж, Ж к, К х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.54-56 Б / хъ гь.1-2* | *1* | |
| *14* | ***ГьитIинаб ва кIудияб щ, Щ ш, Ш Ц, ц, х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.62-63 Б / хъ гь.5* | *1* | |
| *15* | ***ГьитIинаб ва кIудияб Г1, г1, т1, Т1 х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.70-73 Б / хъ гь.7* | *1* | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16 | ***ГьитIинаб ва кIудияб в, В, д, Д К!, к! х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.76-77 Б / хъ гь.12* | ***1*** | |
| 17 | ***ГьитIинаб ва кIудияб Х1, х1, гь, Гь лъ, ЛЪ, х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.84-86 Б / хъ гь.16* | ***1*** | |
| 18 | ***ГьитIинаб ва кIудияб ц1, Ц1, П, п, ч1, Ч1 х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.102-105 Б / хъ гь.22* | ***1*** | |
| 19 | ***ГьитIинаб ва к!удияб ХЪ, хъ, хь, ХЬ, къ, КЪ х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.116-117 Б / хъ гь.29* | ***1*** | |
| 20 | ***ГьитIинаб ва кIудияб гъ, ГЪ, КЬ, кь, х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.122-123* ***ГьитIинаб ъ, ы,ь х1арпал хъвай.*** | ***1*** | |
| 21 | ***ГьитIинаб ва кIудияб ф, Ф, я, Я, ю, Ю х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.126-127 Б / хъ гь.31* | ***1*** | |
| 22 | ***Гьаркьал ва х1арпал. К1в, щв, кв лабиалиял гьаркьал бит1ун хъвай.*** *Т1ехь гь.11,14-15 Б / хъ гь.132* | ***1*** | |
| 23 | ***Гв, гъв, св, чв, ч1в х1арпалгун раг1аби хъвай.*** *Т1ехь гь.133-135 Б / хъ гь.23-24* | ***1*** | |
| | **<u>Каламалъул бут1абазул х1акъалъулъ баян</u>** | ***10*** | |
| 24 | ***Авар алфавит.*** *Т1ехь гь.5-9* | ***1*** | |
| 25 | ***Раг1и. Предложение. Текст.*** *Т1ехь гь. 10-14* | ***1*** | |
| 26 | ***Раг1и. Предложение. Текст.*** *Т1ехь гь.17-20* | ***1*** | |
| 27 | ***Диктант Х1№26*** *Т1ехь гь.24* | ***1*** | |
| 28 | ***Гьаркьал ва х1арпал .*** *Т1ехь гь.34- 37* | ***1*** | |
| 29 | ***Гьаркьал ва х1арпал .*** *Т1ехь гь.38-41* | ***1*** | |
| 30 | ***Щив?Щий?Щиб? Щал? абурал суалазе жаваблъун рач1уне раг1аби.*** *Т1ехь гь.42-45* | ***1*** | |
| 31 | ***Кинав?Кинай?Кинаб?Кинал? абурал раг1абазе жаваблъун рач1унел раг1аби.*** *Т1ехь гь.46-48* | ***1*** | |
| 32 | ***Диктант*** | ***1*** | |
| 33 | ***Щиб гьабураб ? Щиб лъугьараб? абурал раг1абазе жаваблъун рач1унел раг1аби.*** *Т1ехь гь.49-51* | ***1*** | |

| Авар каламалъул календарно-тематикияб план 1 класс<br>( анкьида жаниб 1 саг1ат, кинабниги – 33 саг1ат) | | | |
|---|---|---|---|
| № | *Дарсил тема* | *Саг1ат* | *Къо-мех* |
| | **Букварияб заман** | ***27*** | |
| | **ХIадурлъиялъул заман (4 с )** | | |
| ***1.*** | ***Букваралъулгун лъай – хъвай гьаби. Калам К1алзул ва хъвавул калам.*** *Т1ехь гь.4-5* | ***1*** | |
| ***2.*** | ***Предложение. Предложение ва раг1и.*** *Т1ехь гь.6-9* | ***1*** | |
| ***3.*** | ***Раг1и ва слог. Каламалъул гьаркьал.*** *Т1ехь гь.10-13* | ***1*** | |
| ***4.*** | ***Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Слогалъул гьаркьал цоцалъ журай.*** *Т1ехь гь.14-15* | ***1*** | |
| | **ХIарпал малъулеб заман ( 23 с )** | | |
| ***5.*** | ***А ,О, И, У, Е гьаркьал ва х1арпал*** *Т1ехь гь.16-26* | ***1*** | |
| ***6.*** | ***Н, М гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.27-31* | ***1*** | |
| ***7.*** | ***Л , Б, Г гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.32-37* | ***1*** | |
| ***8.*** | ***Р, С, Т, Х гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.38-47* | ***1*** | |
| ***9.*** | ***З,Э, Й, Ж гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.48-56* | ***1*** | |
| ***10.*** | ***К, Ш, Щ, Ц гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.57-66* | ***1*** | |
| ***11.*** | ***Г1 гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.67-69* | ***1*** | |
| ***12.*** | ***Т1, В гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.70-75* | ***1*** | |
| ***13.*** | ***Д, К1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.76-80* | ***1*** | |
| ***14.*** | ***Х1 гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.81-83* | ***1*** | |
| ***15.*** | ***Гь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.84-86* | ***1*** | |
| ***16.*** | ***Лъ, Ч гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь. 87-91* | ***1*** | |
| ***17.*** | ***Я, Ц1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.92-98* | ***1*** | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **18.** | ***П, Ч1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.99-105* | **1** | |
| **19.** | ***Хъ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.106-108* | **1** | |
| **20.** | ***Къ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.109-112* | **1** | |
| **21.** | ***Хь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.113-115* | **1** | |
| **22.** | ***Кь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.116-117* | **1** | |
| **23.** | ***Гъ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.118-121* | **1** | |
| **24.** | ***Ф, ъ ,ь, ,ы гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.122-125* | **1** | |
| **25.** | ***Ю, Ё гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.126-127* | **1** | |
| **26.** | ***Гьаркьал кВ,к1в,щв, гв, гъв, св, чв, ч1в.*** *Т1ехь гь.128-134* | **1** | |
| **27.** | ***Вацал г1адин рук1а. Къурущ. Их. Лъималазул анищал.*** *Т1ехь гь.135-141* | **1** | |
| | ***Букварь лъуг1ун хадуб*** | **6** | |
| **28.** | ***Маргьаби. Бицанк1аби ва кицаби.*** *Т1ехь гь.4-17* | **1** | |
| **29.** | ***Т1абиг1ат берцинаб их.*** *Т1ехь гь.18-23* | **1** | |
| **30.** | ***Лъик1ав гьудул. Гьудулзабазул адаб ц1уни. Г1алик1и.*** *Т1ехь гь.24-29* | **1** | |
| **31.** | ***Гьелъ конфеталги кьеч1о. Гьудул- гьалмагъзабазде. Гьудуллъ.*** *Т1ехь гь.29-32* | **1** | |
| **32.** | ***Кету. Катит1инч1. Х1елеко. Гьойги оцги.*** *Т1ехь гь.33-38* | **1** | |
| **33.** | ***Цидул баркала. Ц1унц1ра. Гьудгьуд. Сих1ираб г1анк1.*** *Т1ехь гь.39-45* | **1** | |

# Азбука буква Н н. 1 класс.

**Цели:** познакомить с **буквой Н н**, согласными звуками [н], [н'], развивать фонематический слух учащихся. Речь, воспитание чувства сотоварищества, сплоченности, умения слушать друг друга.

**Оборудование:** пластилин, свеча, карточки с буквами, звуки-шапочки, предметные картинки, карточки со словами.

**Скороговорка.** (Тихо – громко)

- Запомните и повторите:

- На дворе трава, на траве дрова. (3 раза)

- Чья чистоговорка вам больше всего понравилась? Почему?

- Посмотрите, что вы видите на доске? (На магнитной доске помещены все изученные буквы.)

- Что вы умеете делать с этими буквами? (Писать, читать слоги, слова и предложения.)

- На какие две группы можно их разделить? (На гласные и согласные буквы.)

- Вылепите из пластилина (работа в парах), те, кто сидит на первом варианте, лепят печатные гласные буквы, то, кто сидит на втором варианте, - согласные буквы.

- Молодцы! Вы все хорошо усвоили внешний вид букв. А теперь настало время с ними поиграть.

- Давайте поиграем в игру “Назови слово с нужным звуком”. Я буду называть слова с мягким согласным звуком, а вы – с твердым согласным звуком.

ни – ны не – нэ ня – на ню – ну нё – но

**Чистоговорка.**

- На-на-на – нам звезда видна.
- Не-не-не – ваза на окне.
- Ни-ни-ни – далеко горят огни.
- Ин-ин-ин – к нам плывет дельфин.
- Но-но-но – мы пойдем в кино.
- Он-он-он – в зоопарке слон.
- Ню-ню-ню - сена дам коню.

**Основная часть урока.**

- Ребята, какой звук мы чаще всего произносили и слышали? ([н]).

- Хотите послушать сказку?

Свечка, свечечка зажгись,
Ярким светом загорись.
Сказка, в гости к нам явись.
Свечка зажигается, сказка начинается.

**Сказка.** (Учитель зажигает свечку.)

Жил на свете великий Нехочуха. Вернее это был обыкновенный мальчик. Но он никогда ничего не хотел делать, никого не хотел слушать. Ему мама говорит, пойдем почитаем – не хочу. Папа зовет его пойти с ним на футбол – он опять говорит, не хочу. Бабушка зовет, внучек, пойдем, я тебе постряпаю пирожки с повидлом – не хочу, не буду. Дедушка зовет его в шахматы поиграть – нет, не хочет он. Даже на карусели не захотел когда его младшая сестра позвала.

И вот все он не хочу, не буду, не надо. Вот так прозвали его Нехочуха. Надоело всем уговаривать мальчика, и сказали все ему – не хочешь, не надо. Так прошел день, два, три. Видит Нехочуха, никто никуда его не зовет, ничего не предлагает. Он спрашивает – почему так? Мама ответила – ну ты же сам говоришь все время – не хочу, не буду, не надо. Ну, я так тоже не хочу. Все засмеялись. Что же тогда делать? Хочешь ли ты играть с ребятами, или нет, хочешь ли ты почитать со мной книгу или нет – это ты должен решить сам. Подумал, подумал Нехочуха и решил – все-таки с вами интереснее, чем одному. С тех пор этого мальчика больше никто не звал Нехочуха.

Сказка затихает, свечка потухает.

- Понравилась сказка? О ком эта сказка?

- Какой был Нехочуха? Опишите.

- Что решил Нехочуха? Почему он так решил?

- Какая буква спряталась в сказке?

**Игра “Живые звуки”.**

- Ребята, отгадайте загадку:

Есть всегда он у людей,

Есть всегда у кораблей. (Нос.)

- Произнесите слово НОС, выделяя каждый звук. (НННос, нОООс, ноССС.)

- Сколько звуков в слове? (3. Вызываются 3 человека – они звуки. Надевают шапочки, берут свои звуки. Дети в это время работают индивидуально.)

- Наши звуки встали в ряд и сейчас заговорят. (Выходит каждый звук и рассказывает о себе).

- Сколько слогов в слове НОС? Какой это слог? Какой звук ударный?

- Все сказали, не забыли и на место поспешили.

Аналогично проводится работа со словом НИТКИ.

Есть в клубочке, есть в катушке,

Даже есть в игольном ушке. (Нитки.)

- Какой первый звук в словах НОС, НИТКИ? ([н], [н’])

- Напечатаем в тетради букву Нн. Для чего нужна большая буква Н?

**Знакомство с буквой Нн.**

- С какими звуками мы познакомились сегодня на уроке?

- Что вы можете рассказать про эти звуки?

- Звуки [н], [н’] – согл., тв., мягк., глух. – обозначаются буквой Н.

- На что похожа буква Нн?

(учитель выслушивает варианты детей и предлагает свои)

Там я букву Н найду,
Где гамак висит в саду. (показ картинки)
Н – натянутая сетка,
Сетку держат очень крепко.
Приходите к нам во двор –
Поиграем в волейбол. (показ картинки)

**Физкультминутка.**

Ходит важный носорог –
Слышен всюду топот ног.
Вертит он огромным рогом

И глядит на всех престрого.
Топнул раз одной ногой,
А теперь удар другой.
Тяжело шагает он –
Очень толст он и силен.

Учитель показывает образец на доске, дети пишут в воздухе, на ладошке, в прописях.

(Написание строчной и заглавной буквы Нн.)

- Написали аккуратно, всем в тетрадь смотреть приятно.

**Чтение слогов с буквой Нн**.

а) чтение по слоговой таблице (сначала читает учитель, а затем – учащиеся)

б) - В каких слогах мы слышим твердый звук [н], а в каких – мягкий?

**Игра "Поймай звук".**

[н] – встают мальчики, [н'] – встают девочки

Гена, незабудки, домино, небо, Денис, няня, ночь, коньки и тд.

**Чтение слов.**

а) Превращение слов – волшебная цепочка.

- Замените одну букву в словах буквой Н: лед, слог, сок, сыр, рама, лупа, салки, село. (Ответ: лен, слон, сон, сын, рана, луна, санки, сено.)

б) Шарады.

Задачу ты решишь свободно:
Я – небольшая часть лица.
Но прочитай меня с конца –
Во мне увидишь что угодно. (Нос – сон.)

С буквой Н, мои друзья,
Ничего не значу я,
Н на С перемените –
Смело в суп меня кладите.
Не берите с буквой М –
Я пальто у вас проем. (Ноль – соль – моль.)

б) Работа с пословицами.

- Буква Н знает много пословиц. Какая пословица спряталась среди слов?

| | |
|---|---|
| НЕ | ДРУГА |
| В НЕСЧАСТЬЕ | БРОСАЙ |

- Не бросай друга в несчастье.

**Итог урока.**

**Игра "Кивни, если согласен".**

- Мы сегодня познакомились с новой буквой?

- Это буква М? (Исправьте ошибку.)

- Это буква гласная? (Исправьте ошибку.)

- Звуки [н] [н,] обозначаются разными буквами? (Исправьте ошибку.)

- Мягкие согласные обозначаем красным цветом? (Исправьте ошибку.)

- Мое имя начинается с буквы Н?

- У нас есть в классе ребята, у которых имя начинается на букву Н? Кто?